



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AGRANDISMAN PWOGRAM KONJE PARANTAL KI TOTALMAN PEYE K AP MENNEN NAN NASYON AN, KI KOUVRI PLIS PASE 150,000 ANPLWAYE ETA NEW YORK

Akò avèk CSEA pral bay plis pase 52,000 anplwaye 12 semèn konje parantal ki totalman peye

Si yo ratifye li, akò ak PEF ak UUP yo ta ofri 12 semèn konje parantal ki totalman peye pou plis pase 88,000 anplwaye

Li apiye sou yon politik elaji ki gen plis pase 10,000 travayè eta ki pa reprezante ase nan kòmansman ane sa a

Depatman Travay Eta New York la pral lanse tou kanpay sansibilizasyon sou konje patènite nan tout Eta a

Gade egzanp videyo kanpay sansibilizasyon Depatman Travay la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a agrandisman inisyativ New York la k ap mennen nan nasyon an pou l ofri 12 semèn avantaj konje parantal ki totalman peye bay plis pase 80 pousan nan mendèv eta a, sa k ap akonpli angajman li nan Eta a. Kòm yon pati nan sipò kontinyèl Gouvènè a pou travayè New York yo ak fanmi yo, chanjman istorik sa a vle di ke majorite travayè Eta a yo pral gen aksè ak avantaj enpòtan sa a pou premye fwa nan listwa Eta a.

"Nokenn moun pa ta dwe oblije chwazi ant yon chèk ak pran swen nouvo bebe pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan Diskou sou Sitiyasyon Eta mwen an, mwen te pwopoze yon pwopozisyon k ap mennen nan nasyon an pou ofri avantaj konje parantal ki totalman peye pou anplwaye Eta New York yo — e jodi a n ap respekte pwomès sa a. Lè nou agrandi konje parantal ki totalman peye pou plis pase 80 pousan anplwaye Eta yo, New York ap dirije atravè egzanp epi bay yon liy sipò enpòtan pou fanmi k ap travay di yo."

Jodi a, Gouvènè a te anonse yon akò ak twa pi gwo sendika Eta yo pou elaji konje parantal peye a. Gouvènè a te anonse yon akò ki te siyen ak Asosyasyon Anplwaye Sèvis Sivil la, ki reprezante travayè Eta New York yo nan yon varyete wòl, pou elaji

konje parantal peye pou plis pase 52,000 anplwaye. Gouvènè a te anonse tou akò kontra ki annatant ak Federasyon Anplwaye Piblik (Public Employees Federation, PEF) la, ki reprezante anplwaye piblik ki gen tit pwofesyonèl, syantifik ak teknik, ak United University Professions, ki reprezante travayè yo nan edikasyon siperyè, ki gen ladan avantaj konje parantal ki totalman peye pou manm yo. Si yo ratifye li, travayè yo pral elijib pou resevwa 12 semèn konje ki totalman peye pou itilize pou lyezon ak yon timoun ki fèk fèt, yon timoun ki nan fanmi akèy oswa yo adopte.

Malgre benefis pozitif byen dokimante konje paran peye pou sante matènèl ak tibebe, ansanm ak sekirite ekonomik fanmi ak retansyon mendèv, Etazini se sèl peyi devlope nan mond lan san yon politik nasyonal konje parantal peye. Nouvo paran ak moun k ap bay swen yo depann de divès kalite politik konje federal, eta ak lokal, anplis de nenpòt avantaj patwon yo sipòte yo.

Gouvènè Hochulpremyèman te anonse inisyativ sa a kòm yon pati nan diskou sou sitiyasyon Eta 2023 li a. Yon fwa ke kontra sendika yo ratifye, plis pase 140,000 anplwaye sendika pral rejwenn 10,000 anplwaye Eta New York ki pa reprezante ase yo ki te vin elijib apre yon bilten politik an fevriye pa Gouvènè Hochul. Biwo Relasyon Anplwaye (Office of Employee Relations, OER) pral kontinye angaje rès sendika Eta yo pou agrandi avantaj sa a bay anplwaye yo atravè negosyasyon kolektif.

Gouvènè Hochul te anonse tou Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York pral devlope ak lanse yon kanpay sansibilizasyon sou konje patènite nan tout eta a, jan [Rapò Eka sou Salè ant Sèks 2023](#) a rekòmande. Kanpay la pral vize nòmalize konje patènite lè li ogmante sansibilizasyon sou avantaj ki disponib pou nouvo ak fiti papa yo epi mete aksan sou fason konje patènite ka gen yon enpak pozitif sou fanmi yo ak sou pèspektiv karyè ak salè fanm k ap travay yo.

Gade egzanp videyo kanpay sansibilizasyon konje patènite DOL la [isit la](#).

New York ap mennen depi lontan nan avantaj konje parantal ak familyal, li te adopte lwa Konje Familyal Peye (Paid Family Leave, PFL) nan tout eta a an 2016. An 2021, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki elaji lwa a pou enkli pran swen yon frè ak sè ki malad grav.

Prezidan Asosyasyon Anplwaye Fonksyon Piblik la, Mary E. Sullivan, te deklare, "Akò sa a rekonèt ke nenpòt moun ki gen opòtinite pou vin yon paran swa atravè akouchman, adopsyon oswa fanmi akèy ta dwe gen dwa pase tan nan ranfòse lyen ant paran ak pitit san yo pa enkyete sou enpak ekonomik konje san peye. Konje paran peye ap yon lòt gwo avantaj pou manm sendika nou yo atravè Eta New York epi nou rekonesan ke Gouvènè Hochul ap rete fidèl ak angajman li pou fè sa rive. Pandan ke anpil pati nan Etazini byen lwen dèyè lòt peyi konsènan politik konje familyal ak parantal peye, New York te definitivman ffranchi yon etap nan bon direksyon an."

Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik la, Wayne Spence, te deklare, "PEF rekonesan anvè Gouvènè a paske li te dakò ajoute konje paran peye pou paran New

York k ap travay di nan kontra nou an. Nouvo avantaj sa a pral ede Eta a atire epi kenbe pwofesyonèl yo, paske yo konnen yo ka pase tan avèk fanmi yo epi yo pa enkyete pou ekilibre travay yo ak lavi lakay yo pandan premye mwa presye sa yo."

Prezidan Pwofesyon Inivèsité Ini, Doktè Frederick E. Kowal, Ph.D., te deklare, "Konje paran ki peye pral bay yon gwo ogmantasyon pou fanmi k ap travay yo, sa ki pèmèt yo pran swen nouvo pitit yo epi fè lyezou avèk yo san yo pa enkyete yo pou yo pèdi salè yo pou yo rete lakay yo epi pou yo fè pati eksperyans majik sa a. Konje parantal peye yo pral ede tire sa ki pi bon ak pi klere pou SUNY epi li pral yon zouti retansyon pwisan ki pral kenbe manm talan devwe nou yo nan salklas nou yo, sou kanpis nou yo ak nan lopital ansèyman nou yo. Gouvènè nou an konprann enpòtan konje parantal peye, epi nou remèsye li paske li dirije efò pou negosye nouvo avantajenpòtan sa a ak sendika eta yo."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Lè yo retire baryè finansye yo epi asire tan pou fè lyezou ak tibebe ki fenk fèt yo, agrandisman pwogram konje parantal peye New York la pèmèt paran yo anbrase vwayaj transfòmatif sa a san yo pa sakrifye sekirite ekonomik yo. Etap solid sa a reyafime angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte paran k ap travay yo ak rekonèt wòl ki gen anpil valè yo jwe nan fòme avni nou an. Nou kanpe ini nan misyon nou pou konstwi yon sosyete kote chak fanmi ka pwospere, epi avantaj sa a se yon gwo pwogrè nan direksyon vizyon sa a."

Michael Volforte, Direktè Biwo Relasyon Anplwaye Eta New York la, te deklare, "Konje parantal ki peye pral fè yon diferans enpòtan pou fanmi k ap travay yo nan ede paran yo pran swen pitit yo san yo pa pè pèdi yon chèk. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, mwen kontan dèske nou te kapab pwolonje avantaj enpòtan sa a bay lòt anplwaye eta yo epi mwen espere travay ak patnè sendikal nou yo pou nou pwolonje konje paran ki konplètman peye nan mendèv Eta New York la."

Komisè Fonksyon Piblik Eta New York la (New York State Department of Civil Service), Timothy R. Hogues, te deklare, "Elaji konje parantal peye pou plis nan mendèv Eta New York la pral bay sipò ki nesèsè pou fonksyonè piblik devwe nou yo pandan y ap okipe pitit yo. Sa a make dènye etap Gouvènè Hochul ap pran pou ede ranfòse ak sipòte mendèv piblik la."

Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare, "Nouyòkè k ap travay yo ta dwe santi yo an sekirite lè yo konnen yo ka pran swen yon nouvo manm fanmi san yo pa bezwen mete sòlvabilite finansye yo an risk, epi agrandisman konje parantal peye pyonye sa a pwolonje lapè nan lespri sa a pou plis pase 150,000 anplwaye eta k ap sèvi kominote nou yo chak jou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak sendika anplwaye piblik nou yo — CSEA, PEF, ak UUP — paske yo santre bezwen paran ak timoun yo nan akò negosyasyon kolektif sa yo."

Ko-prezidan ak Ko-fondatè A Better Balance lan, Sherry Leiwant, te deklare, "A Better Balance fyè pou l mennen batay pou konje peye pou travayè yo nan tout peyi a

epi nou bat bravo pou agrandisman konje peye Gouvènè a pou travayè eta yo. Nou espere travay ansanm pou asire ke New York kontinye rete yon lidè nan asire tout travayè yo gen ase konje peye pou pwoteje sante yo ak sante fanmi yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)